## ЦИ ГЪУДДАГИ ЛÆУД ДÆ, УОМИ ÆНТÆСТГИН УОДЗÆНÆ ДÆ РАУОН-ЦИУОНДЗИЙНАДИ ФÆРЦИ!..



***Даниил ГРАНИН (1919-2017), финсæг: «Адæймагадæ императортæ, дæснитæ, балхонтæ нæ исаразтонцæ, фал æй исаразтонцæ, фæрæт, цалх, хуæдтæхæг ка æргъуди кодта, зайæгхалæ ка иссирдта, стъалутæмæ цæстæ ка дардта, æфсæйнаг, полупроводниктæ, радиоуолæнтæ ка раргом кодта, етæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№30 (1046) 2026 анзи 8 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


## ÆХЦÆУÆН ХАБАР



### КОСÆГ ПЕНСИЕСГУТИ ПЕНСИТИ БÆРЦÆБÆЛ БАФТУДÆЙ...

Уæрæсей Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй, пенсиесгутæй ма косгæ ка кæнуй, уони пенсити бæрцæ 1 августæй фæстæмæ фæффулдæр æй – еци гъуддаги фæдбæл сæ сæрмагондæй курдиадæ бадæттун нæ гъæуй, уотемæй.

Уæхæн пенсиесгути бæрцæ нæ республики æй 33,5 мин адæймаги, æма сæ фулдæргонд пенситæ райсдзæнæнцæ августи бæлвурд æмгъудти. Нæуæгдзийнади фæдбæл дзоргæй, Социалон фонди республикон хайади разамонæг **Милдзихти Аслан** уотæ загъта:

– Фарæ кустдæтгутæ фæдзæхстадон феддонтæ ке туххæй фистонцæ, пенсити еци бæрцæ нæуæгæй раййевуни гъуддаг бараæ дардзæнæй карæ æма сахъатдзийнадæмæ гæсгæ пенсиесæг еугур еци адæммæ. Дарæги фесæфти фæдбæл пенсити бæрцæбæл дæр бафтуйдзæнæй. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма фарæ ма ка куста, еци пенсиесгути пенситæбæл бафтуди бæрцæ бæрæггонд цæудзæнæй, æ уæди официалон мизди бæрцæмæ гæсгæ: е ин цæйбæрцæбæл фулдæр адтæй, уоййасæбæл фæффулдæр уодзæнæй æ пенси.

Бафтуди тæккæ фулдæр бæрцæ хъæртдзæнæй æртæ пенсион коэффициентемæ.

Аци хабармæ гæсгæ уæмæ фарстатæ ку фæззинна, уæд уин ес равгæ телефонæй (8-800-100-00-01) лæвар æрбадзорунæн Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайадæмæ. Уой кусти фæткæ ’й: авдисæрæй цуппæрæни уæнгæ – 9:00 сахаттемæй 18:00 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба 9:00 сахаттемæй 16:00 сахатти æма 45 минуттей уæнгæ).

## ИСКУРДИАДÆГИН РАЗАМОНÆГ – ЦАРДАРАЗÆГ!..

# «НÆ ГЪУДДÆГУТÆ ДЗÆБÆХ ЦÆУНЦÆ!..»



**Раст гъе уæхæн загъдæй – «Нæ гъуддæгутæ дзæбæх цæунцæ!..» – райдайуй завод «Арвæрдун»-и («Радугæ»-йи) генералон директор Тауасити Эльбрус æ дзубанди сæ кустуати хабæртти туххæй. Æма, баруагæс уи уæд, æ еци загъд уæлдай æхцæуæн æй – æгайтима нæмæ ес, аци æзнæт рæстæгути уавæрти дæр сæ кустæй арази æма зæрдрохс ка ’й, уæхæн кустуат.**

**Уæхæнттæ ма нæмæ разиндзæнæй, фал абони «Арвæрдун»-и туххæй уомæ гæсгæ радзоруйнаг ан, æма е берæ æнзти дæргъи нимад цæуй айдагъ нæ республики нæ, фал Уæрæсей æнтæстгиндæрæй архайæг промышленнон кустуати нимæдзи, æ раздзæуæг ба æй искурдиадæгиндæр æма æскъуæлхтдæр разамонгутæй еу.** **Æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.**

## ПОЭЗИЙ УÆЛТÆМÆН



***ЦОРИТИ Эльвирæ***

### ÆМБÆЛТТÆН

Къуар рæсугъд зæрди мæ рази.
Хъæбæр боз дæн ма арази...
Хуарз æмбали ном хæссетæ,
Уарзун уæ хъæбæр, фæсевæд!

Рæстæг уайуй тæхгæ размæ,
Уæддæр лæуун æз уæ фарсмæ!
Тагъд æййевуй бони бон,
Кæд уæ фæууинон исон...

Къуар рæсугъд зæрди мæ рази.
Хъæбæр боз дæн ма арази...
Æнзтæ уадзæн размæ уайун,
Кæрæдземæй нæ фæллæйæн!

Ес æмбалдзийнади хъаурæ:
Зин ку уа – лæудзæй дæ дуармæ!
Уе ’мбæлтти гъæуай кæнтæ,
Рæсугъд уæнтæ уæ бæнттæ!

***ЦОРИТИ Эльвири уадзимистæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.***

## РАВДИСТ



### ДЗÆУÆГИГЪÆУ ИСФЕДАУДЗÆНÆЙ НОМДЗУД СКУЛЬПТОРИ ИСФÆЛДИСТАДÆЙ

Не ’мзæнхон, номдзуд скульптор **Соскъити Владимири** куститæ зундгонд æнцæ æнæгъæнæ дуйней. Цалдæр си æвæрд æнцæ Дзæуæгигъæуи дæр æма Цæгат Иристони æндæр рауæнти дæр.

Нур ба нæ республики аййевадæуарзгутæн фадуат фæззиндзæнæй æ исфæлдистади хæццæ бундорондæрæй базонгæ унæн. Рæхги, 15 августи Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи арæзт æрцæудзæнæй æ исконд скульптурити равдист.


## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСИ ЦУППАР МÆЙЕМÆН.
ЕЦИ РÆСТÆГÆН Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 262 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 230 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

*Михаил ЗАДОРНОВ (1948-2017), финсæг-сатирик: «Газеттæй еуеми бакастæн: «Нæ колхоз лæудтæй сæрисæфæни тæккæ билæбæл. Райрæзти фæрци ба размæ агъазиау къахдзæф ракодта...» Хуцау нæ багъæуай кæнæд уæхæн размæ къахдзæфтæй...*

ГЪУДДАГ ФАРНÆХÆССÆГ УÆД ИСУОДЗÆНÆЙ, ÆМА АФОЙНАДÆБÆЛ РÆСТМÆ АРÆЗТ КУ ЦÆУА!..


ДЗАНАЙТИ Барис, ХЪАМБОЛТИ Марат, КОКАЙТИ Михал.



# БÆЛЦЦÆНТТÆ ДÆР РÆСТВÆНДАГ КУД УОНЦÆ...

Нæ еугурдæр æй уинæн, берæ рæстæгути дæргъи Дзæуæгигъæумæ хæстæг æма сауæнгæ уомæй идарддæр рауæнти ци сагъæссаг уавæр исæвзурдæй, уой – паддзахадон арæни сæрти Фæскавказмæ рабалци кæнунмæ сæ кезумæ берæгай бæнтти дæргъи æнгъæлмæ кæсунцæ сæдæгай уæзласæн хуæдтолгитæ. Æма еци æдзæлгъадæдзийнадæй ба хъæбæр тингун кæнунцæ айдагъ еци хуæдтолгити хецæуттæ нæ, фал нæ республики медæгæ нæдтæбæл балцигæнгутæ дæр – хъоргæнæг дæр син æй, уæдта нæдтæбæл цæуни æдасдзийнадæ дæр цауддæр кæнуй.

Уæхæн æведауцæ уавæр ке исæвзуруй, уомæн æ сæйрагдæр лазæ ’й, арæни сæрти рахезæн пункти равгити кадавардзийнадæ. Уотæ зæгъун не ’нгъезуй, æма æ фæррæвдзæдæр кæнунбæл тухсæг нæййес – ци гæнæн æма амал ес, уомæй берæ цидæр ахедгæ мадзæлттæ дæр арæзт цæуй. Зæгъæн, мæнæ æрæги Уæрæсей æма Хонсар Иристони ’хсæн хуæдтолгитæ уадзæн еунæг пункт «Дæллаг Зæрæмæг»-и кадгин уавæри байгон кодтонцæ нæуæг объекттæ.

## «ÆНЦОНВАДУАТ УАВÆРТÆ АРÆЗТ ЦÆУДЗÆНÆНЦÆ ИДАРДДÆР ДÆР...»

Ци нæуæгдзийнæдтæ си арæзт æрцудæй, уонæн, аци рауæн еумæ бабæрæг кæнгæй, бæрзонд аргъ искодтонцæ Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, Хонсар Иристони Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Хъамболти Марат**, Уæрæсей транспортон министради паддзахадон арæнбæл рахезæни пункти хуæрзвадуатдзийнади Уæрæсей паддзахадон политики департаменти директор **Кокайти Михал**, Цæгат Иристони Сæргълæууæги æма Хецауади Администраций разамонæг **Гобети Ибрагим**, Уæрæсей æдасдзийнади федералон службi арæнгъæуайгæнæг управлений сæргълæууæг Цæгат Иристони **Сергей Балакин** æма Цæгат Иристони таможний сæргълæууæг **Цегойти Геуæрги**.

Арæнбæл ци куститæ æнхæстгонд æрцудæнцæ, уони равгитæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй транспортон еугæндти цуд, никки ма байгон æнцæ транспорти цудæн æртæ уæлæнхасæн тæлми. Фæззиндтæнцæ паспорттæмæ цæстдарди кабинеттæ æма шлагбаумтæ, æхсæз нæуæг модули цæстдарæн оргæнти кустæн, цалцæггонд æрцудæй нади уæлцъарæ, æма дууердæмæ над дæр фæуурухдæр кодтонцæ.

Уомæй уæлдай ма объекти бундоронæй райаразтонцæ бæлццæнтти терминал, радиацимæ цæстдаруни системæ, уæлæнхасæн мæнгазгъунститæ, барæвдзæ ин кодтонцæ æ фæзуат.

Хъамболти Марат фиццагидæр бахæнхæ кодта уой, æма «Дæллаг Зæрæмæг»-и пункти агъазиау райарæзт бантæстæй Уæрæсей Федераций æма Хонсар Иристони еумæйаг архайд æма, се ’хсæн ци сæрмагонд бадзурдтæ бафинстонцæ, уой фæрци:

– Аци фарста хъæбæр тухсун кодта Хонсар Иристони цæргути дæр, цудæнцæ нæмæ гъæститæ, арæнбæл хезгæй, берæ рæстæг ке харз кодтонцæ, уой туххæй. Уомæ гæсгæ уавæр фæррæвдзæдæр кæнуни фæдбæл дзубанди кодтан Уæрæсей Федераций разамунди хæццæ фембæлди рæстæги, æма Уæрæсей Президенти фæдзæхститæмæ гæсгæ бантæстæй фарста ралух кæнун. Нæ уæрæсейаг æмгустгæнгути хæццæ идарддæр дæр архайдзинан уадзæн пункти модернизацибæл. Мæнæй æруагæс кæнуй, нерæнгæ ма нæ размæ ци цæлхдортæ лæуунцæ, етæ еуварсгонд ке æрцæуудзæнæнцæ æма Хонсар Иристони цæргутæ арæни сæрти цубур рæстæгмæ æма хуарз уавæрти ке хездзæнæнцæ, е.

Дзанайти Бариси дзубандимæ гæсгæ, «Дæллаг Зæрæмæг»-и уадзæн пункти ци куститæ ’нхæстгонд æрцудæнцæ, етæ бæлццæнттæн фадуат ратдзæнæнцæ æнцонвадуат уавæрти цæунæн. Уой фæдбæл æ загъд адтæй:

– Абони ци проект банхæст кодтан, е фадуат ратдзæнæй дууæ субъектей ирæзтæн æма бæлццæнтти уодæнцойнæн. Уæрæсей Президенти фæдзæхстмæ гæсгæ уадзæн пункт «Уæллаг Ларс»-и модернизаций фæсте ци æййивддзийнæдтæ ’рцудæй, етæ фæййагъаз уодзæнæнцæ пункти куст ахедгæдæрæй райаразунæн. Мах хуарз гъуди кæнæн, бæлццæнтти хъæбæр берæ рæстæг æнгъæлмæ кæсгæй лæуун ке багъæуидæ, уой. Нур ба арæнбæл рахезуни рæстæг æй 15-20 минутти. «Дæллаг Зæрæмæг»-и пункти ци уавæртæ арæзт æрцудæй, етæ дæр уотæ фæййагъаз уодзæнæнцæ бæлццæнтти æнцондзийнадæн.

«Дæллаг Зæрæмæг»-и модернизацион куститæ æнхæстгæнгæй, специалисттæ уæлдай æргом раздахтонцæ, нæдтæбæл æхсæвигон æма бонигъæди цийфæнди уавæрти рæстæг дæр хуарз ка зиндзæнæй, уæхæн бæрæггæнæнтæй нæдтæ исфæлгонц кæнунмæ æма навигацимæ дæр. Рохсдæттæн экрантæ, нæдти хецæндзийнæдтæ амонæг нисантæ – етæ фиццаг хатт фæззиндтæнцæ паддзахадон арæнмæ цæуæг нæдтæбæл.

Никки ма уадзæн пункт ефтонггонд æрцудæй нуриккон техникæ æма ефтонггæрзтæй. Уой фæрци бæрæггонд цæудзæнæнцæ хуæдтолгитæ, цæмæй си, ке не ’нгъезуй, уæхæн дзаумæуттæ ласт ма ’рцæуонцæ.

Еу загъдæй, арæзт цæуй æма идарддæр арæзт цæудзæнæй мадзæлттæ, цæмæй Уæрæсей арæнти сæрти цæуни гъуддаги нæ паддзахади фæрнугадæ дæр гъæуайгонд цæуа æма бæлццæнттæ дæр рæствæндаг кæнонцæ.

## «АХСГИАГ НАДИ УАВÆРМÆ ЕУДАДЗУГОН ЦÆСТДАРД НÆ ЕУМÆЙАГ ИХÆС ÆЙ...»

Уæрæсейæй Фæскавказмæ цæуни фадуæтти фæдбæл ма еума хабар дæр.

Уæрæсе æма Фæскавкази паддзахæдти ’хсæн рахастдзийнæдтæ аразуни гъуддаги ахсгиаг нисанеуæг ес Рокъи æфцæгбæл надæн.

Куд æгæрон устур æй æ ахедундзийнадæ, уотæ си тасдзийнæдтæ дæр берæ ес. Уомæ гæсгæ ба имæ еудадзугдæр лæмбунæг цæстдард цæуй.

Мæнæ æрæги бабæй нади уавæртæ исбæлвурд кæнуни туххæй имæ ’ркастæнцæ федералон косæндонæ «Федералон автомобилон нæдтæ «Кавказ»-и цæгатиристойнаг управлени»-й, нæ регионi æрдзон равналæнтæ æма экологий министради, æнæнгъæлæги уавæрти федералон министради сæйраг цæгатиристойнаг управлений косгутæ, уæдта æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Севосгеомониторинг»-и специалисттæ.

Зæйти рацудæй æма цæугæдæнтти райвулдтитæй уæлдай тæссагдæр кæмæн æй, нади уæхæн хæйттæ бæлвурдгонд æрцудæнцæ æма сæ оперативон картæмæ бахæсдзæнæнцæ, цæмæй си æвæстеуатон службити специалисттæ багъæуаги пайда кæнонцæ, уа син тæссагдзийнæдти туххæй хабæрттæ адæмæн рагацау игъосун кæнуни фадуат.

Рокъи æфцæги над раздæрау нимад æй уæлдай тæссагдæр надбæл. Зæйти рацуди фудæй ахид æхгæд æрцæуй. Специалистти дзубандимæ гæсгæ, хуæдтолгæскъæргути фидбилизтæй багъæуай кæнунæн фадуат цæмæй уа, уой туххæй над рæстæгмæ исæхгæнуни фæдбæл унаффæ рагацау рахæссунцæ. Уавæр ку æрлæмбунæг уй, уæд нади уæлцъарæ ракæдзос кæнун æма фидбилизи фæстеугутæ райеуварс кæнуни фæдбæл кустітæ æнхæстгонд æрцæунцæ.

Цæстдарæн кусти бæрæггæнæнти туххæй дзоргæй, амунд сæйраг цæгатиристойнаг управлений хецауи ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Веретенников** зæгъуй:

– Рокъи æфцæги надбæл цæуни æдасдзийнадæбæл архайун нимад æй нæ еумæйаг ихæсбæл. Рæстæгæй-рæстæгмæ цæстдарæн куст æнхæст кæнгæй, фидбилизтæй адæми багъæуай кæнуни фадуат фæуууй. Нæ оперативон службитæ нади тæссаг хæйтти картæй арæхстгинæй пайда кæнунцæ. Хуæдтолгæскъæргутæ сæхуæдтæ дæр цæмæй тæссаг уавæртæй сæхе гъæуай кæнонцæ, уой туххæй син фæдзæхсæн, сæхе куд гъæуама даронцæ, уой, уæдта уой дæр, æма бонигъæди бæрæггæнæнтæ рагацау куд бæлвурд кæнонцæ. Фидбилизи бахауни бæсти адæймаг лæгъуз бонигъæди фæуунмæ бангъæлмæ кæсæд.

***ГÆТИЙТИ Светланæ***



Альпинизми Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæуй 8 августи. Нæ республики альпинизми æновудæй ка архайуй, еци æхсаргин адæймæгутæн зæрдиагæй арфæ кæнæн сæ бæрæгбони фæдбæл.

ДИГОРÆ №30. 2026 анз.
8 август – сухи мæйæ



## ЕУМÆЙАГАХУРАДОН КЪАБАЗИ НÆУÆГДЗИЙНÆДТÆ




**Къарæ ист æй социалон хизæгтæй**

# ЕВГЪУДÆЙ ИСОНИБОНМÆ НÆДТÆ – ЗОНУЙНАГ НÆ КÆСТÆРТÆН...

Уæрæсей историон æхсæнади регионалон хайади совети разамонæг Цæгат Иристони паддзахадон университети историон факультети декан **Плити Зæлинæ** æрæги куд фегъосун кодта, уотемæй Цæгат Иристони фиццаг фæззиндзæнæнцæ историон кълæстæ. Аци гъуддаг æнхæстгонд цæудзæнæй куд фæлварæн фæткæ æма нерæнгæ бал уæхæн кълæстæ арæзт æрцæудзæнæнцæ нæ республики дууæ скъолайеми, Алайнаг гимназий ба ци уæхæн къласбайгон кæндзæнæнцæ, уомæн ба уодзæнæй искæсæнзонунадон æздæхт.

Аци нæуæгдзийнади туххæй дзоргæй, Плити Зæлинæ куд загъта, уотемæй сæ зæрди ес историон наукæмæ скъоладзаути æргом уæлдай æхцулдæрæй раздахун.

Зундгонд æй еци гъуддаг, æма классикон уроктæ истори лæмбунæг базонунæн, æ цаутæ æма хабæртти ахсгиагдзийнадæ балæдæрун ахурдзаутæн фагæ фадуат нæ дæттунцæ. Еци уавæри фæдбæл Уæрæсейаг историон æхсæнади иуонгтæ æма нæ факультети эксперттæ еумæйагæй æрдзубанди кодтан. Æма нæмæ уотемæй фæззиндтæй Цæгат Иристони историон къласта исаразуни хъæппæрес.

– Аци науки æрдæмæ хуæрзæригонæй тулаваст ка 'й, – зæгъуй Плити Зæлинæ, – уонæн гъæуама уа интеллектуалон фæзуат, архивон æрмæгутæмæ 'ркæсуни уавæр, раззагдæр ахургæндти хæццæ дзубандий фадуат, наукон-æртасæн куст кæнуни гæнæнтæ.

Уæдта ма куд фæббæрæг кодта, уотемæй историон къласта байгон уодзæнæнцæ аци ахури анзи, проект æй, ку зæгъæн, фæлварæн. Гуманитарон къласти зонундзийнæдтæ дехгонд цæунцæ цалдæр предметей 'хсæн, историон къласи ба ахуради истори, куд хуæдбарæ зонунадæ, уотæ уодзæнæй сæйрагдæр. Архайд цæудзæнæй, цæмæй скъоладзаутæ историон цаутæ æма хабæрттæ раст лæдæрунгъон æма син рæстмæ аргъ кæнунгъон уонцæ. Ахурдзаутæ комкоммæ баст уодзæнæнцæ академион науки хæццæ, æнæмæнгæ си уодзæнæй практикон равналæнтæ æма проектон архайд, цæгатиристойнаг ахурдзаутæн уодзæнæй Уæрæсейаг историон æхсæнади бони фæтки архайуни фадуат.

Историон кълæстæ нæмæ ке фæззиндзæнæнцæ, еци нæуæгдзийнади нисанеуæг бæлвурд æй: ирæзгæ фæлтæрмæ гъæуама уа дуйнеуон цардарæзти æма си аллихузон фæззиндтитæ раст лæдæрундзийнади федар бундор, гъæуама уонцæ сагъæс кæнунгъон, цæмæй сæ уодиконди уа хуæрзæгъдаугинæй сæ ирисхъæ аразун, Фидибæстæбæл рæстзæрдæй æновуд ун æма æ сæрбæлтау арфиаг гъуддæгутæ аразунгъон.

Нури æзнæт рæстæгути, не 'знæгтæ нæ нихмæ информацион тугъдтитæ ку аразунцæ, нæ фидибæстон историй æцæгдзийнадæ нин исусхъуммитæ кæнунбæл ку архайунцæ, уæд уæлдай тæходуйаг æй нæ ирæзгæ фæлтæрти рæстмæ гъомбæлади гъуддаг æнтæстгиндæрæй æнхæст кæнун, гъæуама нæмæ уа ахедгæ гуманитарон ахурадæ: скъола-университет – академион наукæ. Плити Зæлини дзубандимæ гæсгæ, историон кълæстæ исаразгæй, сæ размæ æвæрунцæ уæхæн ихæс дæр, цæмæй уони рауагъдонтæн сæ фулдæр изайуонцæ нæ республики, идарддæр ахур кæнонцæ нæхе университети историон факультети, уой фæсте ба син уа нæхемæ, Иристони косуни равгæ.

– Нæ историон наукæ цæмæй ирæза, æхсæнади медæгæ бæрзонд уа æ ахедундзийнадæ, уобæл нур архайун гъæуй, – уæхæн æй Плити Зæлини гъуди. – Æма уой туххæй мæнæ ци нæуæгдзийнади кой кæнæн, уой фиццаг хатдзæгтæ фæззиндзæнæнцæ ахури анзи кæрони. Кæд уæхæн кълæсти ахедундзийнадæ бæлвурд уа, уæд сæ фæффулдæр кæндзинан…

***ХУТУГАТИ Тамарæ***





# ЛÆГДЗИЙНАДИ УРОК

Цæгат Иристони æ куст кæнуй «Фидибæстæн – службæ», зæгъгæ, патриотон акци. Аци хъæппæрес равдистонцæ уæрæсейаг æхсæнадæ «Зонундзийнæдтæ», «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи паддзахадон фонд.

Сувæллæнтти фæлладуадзæн лагерь «Стъалу»-мæ 'рбацудæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæ, æхсæнадæ «Зонундзийнæдтæ»-йи лектортæ, проект «СВОя история»-йи иуонгтæ **Рубен Днепровский**, **Алибегти Роман**, тугъдон уацхæссæг **Илати Батраз**. Етæ фембалдæнцæ сувæллæнтти хæццæ, дзурдтонцæ æнсувæрдзийнадæ, царди равзурст нæдтæ æма фæскъуилдуни агъази туххæй.

Комкоммæ уагæй дзоргæй, дзубанди рауадæй тугъдон нæдтæбæл, æнсувæрдзийнадæ, лимæндзийнадæ, кæрæдземæн агъаз кæнун, тугъдон ихæсæн, бæстæн кадæ кæнунбæл. Æригæнттæн уæхæн фембæлд адтæй æхцæуæн, лæгдзийнади урок син æрхаста берæ æнкъарæнтæ, граждайнаг бæрнондзийнадæ.

Сувæллæнтти хæццæ дзурдта Рубен Днепровский – гвардий майор. Лæгдзийнади дууæ ордени – æ кительбæл, æ Райгурæн бæстæн службæ исбарæн ес фондз фæлтæрей хæццæ. Беслæни фидбилизи рæстæг Рубен Днепровский амæнати бахауæг адæми ервæзун кодта, адтæй Цæцæн æма Хонсар Иристони тугъдтити. Сæрмагонд æфсæддон операци ку райдæдта, уæд уордæмæ дæр рандæй. Тугъди будури цæфтæ райсунæй нæ тарстæ, зæгъгæ, фарстæн уæхæн дзуапп равардта: «Цæфтæй нæ тарстæн, айдагъдæр рист лæдæрдтæн. Айдагъдæр, тугъди будури æмбал ку фæммард уидæ, уæд тарстæн, уомæн æма ин мæ бон неци адтæй», – зæгъуй тугъдон лæг.

Алибегти Роман 2022 анзи равзурста æ над, иссæй батальон «Алани»-й бархеуон, цудæй херсойнаг, луганскаг æма донбассаг нæдтæбæл. Кæддæр еци зæнхитæ иссæребарæ кодтонцæ æ фиди фидтæлтæ, нур ба нæуæгæй тох кæнунцæ сабур арви сæрбæлтау. Тугъдон уацхæссæг Илати Батрадз документалон кинонивти фæрци «Стъалу»-й иуонгтæн равдиста тугъди будури тугъдон ихæс куд æнхæст кæнунцæ, уони.

Цæгатиристойнаг лæхъуæнтæ алли бон дæр æвдесунцæ багъæтардзийнадæ, ирæзгæ фæлтæри рохс федæни сæрбæлтау сæ цардбæл нæ ауæрдгæй.

***Мария ТЕПЛИНСКАЯ,***
***Цæгат Кавкази федералон зилди уæрæсейаг æхсæнадæ «Зонундзийнæдтæ»-йи пресс-службæ.***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!



*Еу фурæсхъæл бонгин адæймаг æ зæрдидзæбæхæн гъæунгти куд разелæбазелæ кодта, уотемæй æ еу зонгæбæл ку исæмбалдæй, уæд æй хъалзæрдæй хинцфæрститæ кæнун байдæдта. Еузагъдæй, æ айуан дзæнгæдайæн кæрон нæбал адтæй. Фæстагмæ ма уотæ бакодта:*

*– Хуцауистæн, дæхе хузæнæй дæмæ нецибал байзадæй. Хузи цъирт ди нæбал ес, дæ цæститæ сæ къурфити ранигъулдæнцæ. Уæззау сæйгæ ма уай, е ми нæ баруагæс уодзæнæй.*

*– Раст зæгъис, – мæтъæлæй дзуапп равардта лæг. Уæхæн хабæрттæ мæбæл ахид æрцæуй, уæлдайдæр…*

*– Гъо, æма уой туххæй уотæ æнцад-æнцойнæй куд дзорис? Цийфæнди нез дæр афойнадæбæл рартасун гъæуй!..*

*Æма евдæлон лæг гæркъæрагæ фестадæй. Æ зонги исдзурд нæ уагъта, уотемæй æй рафарста:*

*– Æма мæ лимæн, уæхæн æрхæндæг уавæри ахид бахауис?*

* * *

Еци мæгурдæйраг лæги уавæри нур кæдæй ардæмæ 'нцæ хумæтæг уæрæсейаг адæм æнæгъæнæй дæр. Нæ цардаразæг гъуддæгутæ ке бæрни бацæнцæ, етæ аразгæ неци кæнунцæ (уæдта, æвæдзи, аразуйнаг неци æнцæ!..) уотемæй ба се 'дзæсгон радзубандитæ-бадзубандитæй нæ расайæ-басайæ кæнунцæ. Уогæ уони ци фудгин кæнæн – уонæн сæ уодиконд уæхæн æй. Фудгин нæхуæдтæ ан: цæмæн сæбæл æуууæндæн. Мæнæ бабæй æрхæстæг кæнунцæ Паддзахадон Думæмæ æвзурститæ. Æма уоми æрбунат кæнунмæ ка тундзуй, етæ бабæй ци рæсугъд дзубандитæ кæнунцæ, ци алæмæтдзийнæдтæй бабæй нин зæрдитæ не 'вæрунцæ. Æма сæбæл бауууæнддзинан æви нæхе сæризундæй æвзардзинан? Фæсмойнаг бабæй куд нæ фæуууæн…

**Александр ШЕРИН, Паддзахадон Думи раздæри депутат: «Махмæ абони нæййес нæдæр коммунизми, нæдæр социализми менеугутæ, фал уони бæсти ба нæ цæстити рази исæцæг æй нæуæг фæззинд – «хæлæфизм».**



* * *

Депутат исунмæ хъæбæр ка тундзтæй, еу уæхæн лæги, цæмæн дæ гъæуй е, зæгъгæ, ку бафарстонцæ, уæд ниддестæ 'й: «Куд цæмæн? Æз дæр гъæуама архайуон паддзахадон есбойнадæ иуаруни!..»

Аци лæг Паддзахадон Думи ку бадтæй, уæд цæмæдæр гæсгæ еци «хæлæфизми» кой нæ кодта. Нур ба «фæкъкъæрт» æй – æвæдзи, уордæмæ бабæй æй бафæндадтæй æма æвзаргути зæрдитæ естæмæйити æлхæнун нæ гъæуй.



**Геннадий ЗЮГАНОВ, Уæрæсей Федераций Компартий раздзæуæг, Паддзахадон Думи депутат: «Алли депутат дæр гъæуама дæнцæ æвдеса закъондзийнадæ 'нхæст кæнунæй…»**

* * *

Æма депутаттæн еци гъуддаг æнхæст кæнун, баруагæс уи кæнæд, зин нæ, фал æхцæуæн дæр ма уодзæнæй, уомæн æма сæхуæдтæ ци закъонтæ рацъапп кæнунцæ, уонæн сæ фулдæрæй-фулдæр сæхе æма се 'мдзæхдонти пайдайæн фæууунцæ.

**Николай ВАЛУЕВ, Паддзахадон Думи депутат: «Цауæн кæнун анз еу, дууæ, æртæ, тæккæ фулдæр цуппар хатти. Уой дæр сирдтæбæл нæ, фал райдæдтон мæргътæбæл цауæн кæнун…»**



* * *

Номдзуд богал æ цауæн кæнуни фæткæ ке раййивта, уой фæдбæл ци гъæуама загъдæуа. Ахсгиагдæр æй, æ депутатон архайди ба æ «цауæнтæй» ци зæгъуйнаг æй, е. Æви, нæ зæрдитæ нин цæмæй барохс кæна, уæхæнæй уоййасæбæл неци ес. Уоми дæр «сирдтæй» «тæхгæ цъеутæмæ» рахизтæй?..

**Сурхтурусагин Балтийаг флоти авиаци 1941 анзи 8 августи исаразта фашистон Германий сæйраг сахар Берлини тугъдон объекттæмæ фиццагидæр нимпурст.**

*Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), индийаг финсæг, рохситауæг:*
*«Кæцифæнди наци дæр гъæуама æ зунди цирагъ хуссун ма уадза – цæмæй иннæ нацити хæццæ еумæ рохс кæна дуйне. Æ цирагъ кæмæн расæттуй, еци адæмæн дуйнеуон бæрæгбони бунат нæбал фæууй. Æнамонд æнцæ, цирагъ кæмæн нæййес, еци адæм, фал мин хатти æнамонддæр æнцæ, рохс кæмæ адтæй,*






Завод «Арвæрдун»-и раззагдæр фæллойнæгæнгути къуар. Астæуæй – кустуати рагондæр косæг, менеджменти фарстати фæдбæл генералон директори хуæдæййевæг Евгения АВАКОВА.

# «НÆ ГЪУДДÆГУТÆ ДЗÆБÆХ ЦÆУНЦÆ!..»

Завод «Арвæрдун»-и цардвæндаг райдæдта 1975 анзи – куд Лианозоваг электромеханикон еумæйаг кустуат «Утес»-и цеххайадæ, уотæ. Еци мæскуйаг кустуат еу рæстæги цæттæ кодта, нæ бæсти гъæуайкæнуйнади гъуддæгути хъæбæр ахсгиагæй ка гъудæй, уæхæн аллихузон комплекстæ æма системитæ. Уомæ гæсгæ ба æ дзæуæгигъæуккаг хайадæ дæр уæхæн продукци уагъта, уой хæццæ ба ма хæдзарадон дзаумæуттæ дæр.

Æлхæнгутæмæ бæрзонд цæстиварди адтæй, сæ рауагъд æртæпрограммон радиоприемниктæ, медицинон стерилизатортæ æма ингаляторгæ. Коллектив цæйбæрцæбæл рауон-циуон æма сауæнгæ æмæнтъери рæстæгути дæр дессаги цардгъон разиндтæй, уомæн ба æвдесæн æй е дæр, æма сæмæ нифс æма хъаурæ разиндтæй, ци берæ гъигæдæрдтитæ син æвзаргæ рауадæй, уонæн ниффæразун æма сæ сæрти уæлахезонæй рахезун. Уæлдайдæр ба евгъуд æноси 90-аг уæззау æнзти цийфæнди зинæй дæр сæ бон бацæй кустуат багъæуай кæнун, æма е ба уæди уавæртæмæ гæсгæ, æнæмæнгæ адтæй æцæг лæгдзийнадæ. Кустуати разамунди æма æ коллективи сæрæндзийнадæн ба æвдесæн æй е дæр, æма абони Уæрæсей Федераций тугъдон радиоэлектрон ефтонггæрзтæ ка уадзуй, еци бундорон кустуæтти æмрæнгъæ федарæй лæуд æй. Æма Тауасити Эльбрус баргъонæй, «нæ гъуддæгутæ дзæбæх цæунцæ!..», зæгъгæ, ке зæгъуй, е æруагæс кæнуй, кустуати гъуддæгути хæццæ бæлвурдæй базонгæ уогæй.

– Кусти медæгæ рауагъд продукций æфтуйæггæгтæ бæрзондæй-бæрзонддæр кæнунцæ. Зæгъæн, 2023 анзи адтæй – 357 миллион 735 мин соми, 2024 анзи ба исхъæрттæй 503 миллион 351 мин сомей уæнгæ, 2025 анзи ба рауадæй 806 млн 687 мин соми. Нæ размæ æвæрд ихæстæ æнхæст кæнæн гъæугæ уагæбæл, уой дæр нæхе хъауритæй.

Аци кустуати хуарзи кой кæнгæй, æнæ зæгъæн нæййес еу ахсгиаг гъуддаги туххæй. Цийфæнди кустуат дæр æ ирисхъи нæдтæбæл ку ранæхстæр уй, уæд е æй, мæнæ науæ денгизи куд рабалци кæнуй, уой хузæн. Æма денгиз ба алкæд хуæрзахъæл нæ фæууй, æ уагæ аллихузонæй дæр равдесуй – кæми хæларзæрдæй, кæми ба æзнаггадæй… Æма багъæуй науæн æ балхонæги сæрæндзийнадæ, е куд исарæхса, уотæ науæ дæр ервæзт уодзæнæй. Раст гъе уæхæн раздзæуæг æй Тауасити Хадзирæти фурт Эльбрус – айдагъ нæ республики нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсей дæр зундгонд, æнтæстгинæй архайæг кустуати разамонæг.

Зæгъун гъæуй уой, æма адæймагæн æ ирисхъи æнай-æнойти неци æрцæуй. Уоди федардзийнадæ, нифс æма æновуд фæллойнæ гъæунцæ, цæмæй, дæ царди цæмæ бæллис, етæ дин бантæсонцæ. Гъе уотæ Эльбрусæн дæр берæ цидæртæ æвзаргæ рауадæй, куд фæззæгъунцæ, берæ дæнттæ æма къæдзæхти сæрти рахезун æй багъудæй, цæмæй, нуртæккæ сæрустур кæмæй æй, еци устур кустадон æнтæститæ æма адæймагон æскъуæлхтдзийнæдтæ æ къохи бафтудайуонцæ, уой туххæй.

Уогæ æ царди хабæрттæй алкæцидæр кæд æма хъæбæр цæмæдесаг æй, уæддæр сæ еугурей кой лæмбунæгæй ракæнуни равгæ нуртæккæ нæййес, уомæ гæсгæ ба си уæддæр кæцидæрти туххæй цубурæй зæгъдзинан.

Тауасити Эльбрус райгурдæй Мæскуй 1940 анзи 18 январи. 1959-1962 æнзти службæ кодта Советон Æфсади рæнгъити. Уой дæр æррæстæ хумæтæг службæ нæ кодта, фал бахаудтæй Кубæмæ, Кариби нихмæлæуд ке хонунцæ, еци тæссагæй-тæссагдæр уавæр си ку исæвзурдæй, раст еци рæстæгути. Уæд айдагъ дууæ паддзахадей – Америкон Еугонд Штаттæ æма Советон Цæдеси ирисхъæ нæ, фал еугур зæнхи цъари цæргути «ун æви нæ ун» хали дууæ кæронебæл ку æрауиндзæг æй. Сæ нивæ адтæй адæмтæн æма дууæ паддзахадей разамонгути бон бацæй куддæртæй бадзубанди кæнун, зунд æма курухондзийнадæ фæууæлахез æй гумери тухæбæл.

Тауасий-фурт æрæздахтæй æ фидтæлтиккон уæзæгмæ Иристонмæ, æма ахур кæнунмæ бацудæй Цæгат Иристони гъæуунхæдзарадон институтмæ. Каст æй фæцæй 1970 анзи æма æригон специалист косун райдæдта республики промышленнон кустуæтти. Анзæй-анзмæ ирæзгæ цудæй æ кустадон фæлтæрддзийнадæ, уой хæццæ ба къæпхæнгай хезгæ цудæй еу бæрнон бунатæй иннемæ. Куд арæхстгин æма хъæппæресгин косæг, уотæ ибæл сæ цæстæ æвæргæ цудæнцæ нæ республики хецауадæ. Тæккæ фиццаг разамонæги бунати косун райдæдта Дзæуæгигъæуи прибортæаразæн заводи. Уой фæсте ба ’й æ кустадон ирисхъæ æркодта завод «Арвæрдун»-мæ æма си косуй 1977 анзæй абони уæнгæ. Дæс æма дууисæй анземæ хæстæг æ кустбæл дæр æма æ кустуатбæл дæр æ зæрдæ некæд исæййивта. Устур хъаурæ гъæуй уоми. Еугурей бон уæхæн уæзæн бафæразун нæ фæууй.

Тауасий-фурт ами косун райдæдта æмбурдгæнæн цехи сæргълæууæгæй æма исхизтæй кустуати генералон директори уæнгæ.

Æ дæргъвæтийнæ æнзти дæргъи заводи берæ æйййивддзийнæдтæ ’рцудæй: кустадон æнтæститæ, паддзахадон заказтæ, размæцуд æма æнæкъулумпи архайд. Фал алкæд æмхузон лигъз нæдтæбæл нæ цудæй завод «Арвæрдун». ССР Цæдес ку нийхалдæй, уæд куд нæ бæсти мингай устур æма минкъий кустуæттæ, уотæ аци заводи кæддæри æнæкъулумпи архайд дæр къурцдзæвæнмæ æрцудæй, экономикон ирæзти бæрæггæнæнтæ цæхгæр фæмминкъийдæр æнцæ. Адæми фулдæр хаййæн кусти бунæттæ нæбал адтæй, цехти куст бустæги æрлæууни азари бафтудæй…

Ци гъæуама кодтайдæ заводи кустæргъæвд коллективи разамунд еци æдзæллаг уавæрти: дзæвгарæ хъазар ефтонггæрзтæ, цехтæ, сæйрагдæр ба адæм, цæмæй кустæй ма фенæхай уонцæ æма ма ниххæлеу уонцæ. Мадзæлттæ! Æвæстеуатæй гъудæй еци уавæрæй фæййервæзунæн ахедгæ мадзæлттæ! Æма кустуати разамунд баунаффæ кодтонцæ сæ архайд æндæр уагæмæ раййевунбæл, сæрмагондæй ба адæмæн гъæугæ товартæ уадзунмæ раздахун. Уотемæй уадзун байдæдтонцæ, зæгъæн, медицинон косæнгæрзтæ, æндæр уæхæн гъæугæ товартæ, æдеугурæй продукций финддæс æма инсæй хузи.

Гъудæй сæ айдагъ продукци уадзун нæ, фал ма уой уæйæ кæнун дæр. Æма адæми зæрдæмæ цæмæй цудайуонцæ, уой туххæй ба син сæ хуæрзгъæдæдзийнадæ бæрзонддæр кæнун гъудæй. Цубур дзурдæй, завод «Арвæрдун» нæ фæккиудтæй, бафæразта еци еугур цæлхдорти сæрти рахезун. Æма е бантæстæй куд кустуати разамонæг Тауасити Эльбруси дæсни разамунди, уотæ коллективи уодведардзийнади фæрци.

Еугæр нæ дзубанди цæуй кустуати разамонæги туххæй, уæд зæгъун гъæуй уой, æма æ хъазауатон фæллæнттæн ин аргъ кæнгæй хецауадæ дæр æма æ уæлдæрлæууæг разамунд дæр ци аллихузон хуæрзеугутæй исхуарзæнхгин кодтонцæ, етæ дзæвгарæ-дзæвгарæ ’нцæ: Кади гæгъæди «Берæ æнзти хъазауатон фæллойни туххæй», 2001 анзи ба: разамунддæттунади системи Уæрæсей агентади Кади гæгъæди, 2003 анзи ба райста «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий промышленности æскъуæлхт косæги» кадгин ном. Куд коллективбæл хуæрзауодæг, косгути бартæ æновудæй гъæуайгæнæг, уотæ ин аккаггонд æрцудæй майдан «Уæрæсей профцæдестæбæл 100 анзи».

Завод «Арвæрдун»-и арфиаг гъуддæгутæбæл дзоргæй, зæгъун æнгъезуй уотæ: ци гъуддаг райсай дæхемæ, уобæл зæрдæй ку тухсай, тæккæ хуæздæр хузи ’й райаразунбæл разæнгардæй ку архайай, æнтæститæ дæр къохи уæд æфтуйунцæ.

Раздæри рæстæгути хæццæ рабаргæй, завод гъай-гъайдæр цæхгæр æндæр хузи фæцæй.

Уой фæдбæл Тауасий-фурт уотæ зæгъуй:

– Техникон æгъдауæй нуриккон домæнтæн дзуапп ка дæттуй, уæхæн косæнгæрзтæй кустадæ ефтонг кæнун, уонæй арæхстгинæй пайда кæнунбæл косгути ахур кæнун, нæуæг æргъудигонд мадзæлттæ æма технологитæ царди уадзун, менеджменти системæ цæхгæрмæ раййевун æма ма берæ æндæр гæнæнтæй пайда кæнуни фæрци нуртæккæ нæ кустуати бон æй размæ федар къахдзæфтæй цæун, кустади гъомусадæ бæрзонддæр кæнун. Ку зæгъун, нуриккон техникон æма профессионалон ефтонггадон дзаумæтти фæрци. Уобæл еудадзуг архайæн æмзунд-æмвæндæй. Æма заводи кадæ ба бæрзонд æй, уомæн æма цæсгонгинæй æма афойнадæбæл æнхæст кæнæн нæ размæ æвæрд ихæстæ.

Уомæн ба ами ци гæнæнтæ æма равгитæ ес, етæ, зæгъун æнгъезуй, æнцæ коллектив разæнгардгæнæг. Фæллойнæгæнгутæ дæр афойнадæбæл есунцæ сæ кусти мизд, кæци нæ республики иннæ кустуæттæй æй бæрзонддæр, уой хæццæ ба райсунцæ 13-аг мизд дæр. Ка ци рæстæг бакуста ами, еци æнзти бæрцæмæ гæсгæ син фист цæуй сæрмагонд уæлæнхасæн феддонтæ. Аллианзон уолæфуни бæнтти ка фæццæуй, уонæн ма уæлæнхасæн материалон агъаз лæвæрд фæццæуй, цæмæй сæ бон уа санаторити сæхе дзæбæх кæнун. Мадта косгутæн хуæрзадæ рæфтад ами æй лæвар. Уони уæлæнхасæн ба заводи косгутæн ес барæуадзæ æмдзæрæн дæр.

Нæ гъуддæгутæ дзæбæх цæунцæ, зæгъгæ, ку загъта Тауасити Эльбрус, уæд ма уæхæн æздæх дæр фæккодта, гъома, бустæги арази ба куд уæн абони уавæртæй, кæд æма хъæбæр нæ тухсун кæнуй е, æма исонибони нæмæ нæ нури косгути хузæн ка косдзæнæй еци фарста:

– Нæ нæмæ фагæ кæнуй косæг къохтæ. Уотемæй ба нæ бон æй берæ-берæ косæн бунæттæ игон кæнун. Фарста гъæугæ хузи райаразунбæл бæргæ архайæн. Ахид дæттæн игъосункæнуйнæгтæ, косгутæ нæ ке гъæуй, уой туххæй, фал нæмæ, гъулæггагæн, неке цæуй. Гæнæн ес, æма косун ке фæндуй, фал имæ гъæугæ дæснийадæ нæййес, зæгъгæ, уæд уони ба мах, нæхе кустуати исахур кæндзинан. Æма райсдзæнæнцæ æндадзгутæ, техникæ цалцæггæнгутæ æма æндæр дæснийæдтæ.

Нæ еци кустæй дæр пайда

*фал æй кæмæй байстонцæ, кенæ ба ’й æхуæдæг æвæгæсæгæй ка ниууагъта, еци адæм... Алли наци дæр гъæуама æ еугур хъауритæ равдеса æнæгъæнæ дуйней размæ. Кæд дуйнейæн неци раттунгъон æй, уæд е ба гъæуама нимад æрцæуа национ фудракæндæбæл. Е рамæлунæй фуддæр æй, æма ин адæмти истори неци хузи ниххатир кæндзæнæй...»*




Сергей ЯКОВЛЕВ – хуæдтолгитæ æскъæрæг.


Æмбурдгæнæн-монтажгæнæн цехи инженер-технологтæ АНАТИ Заур æма КОЧИТИ Иринæ.


БАЗАТИ Таймораз – слесæр-æмбурдгæнæг.

ес, цийфæнди кæд æй, уæддæр нæмæ фæсевæд цæунцæ. Æма сæбæл ауодæн, цæмæй син нæ кустуат исуа зæрдтагон. Нæ косгутæн сæ фулдæр хай кæд хестæр кари адæм æнцæ, уæддæр коллективи ’хсæн профориентацион кустмæ устур æргон æздæхт цæуй. Уой фæрци ба нæмæ æригон фæлтæр дæр æрбацæуй ахур кæнунмæ, æма цæмæдесдзийнадæ си кæмæ фæззиннуй, етæ байзайунцæ кустуати. Зæгъæн, механикон-æмбурдгæнæн цехи нур дæс анзей дæргъи косуй 5-аг разряди фрезергæнæгæй Радмил Дружинин. Кæд æма скъола каст фæууни фæсте ветеринари дæснийадæ райста, уæддæр æй бафæндадтæй, завод «Арвæрдун»-и косун. Ами æ ахургæнæг адтæй дæсни специалист Геннадий Борисов. Æма е зæрдиагæй, æнæвгъауæй æ берæ зонундзийнæдтæй, кусти сосæгдзийнæдтæй бахай кодта лæхъуæнæн. Радмил куд имисуй, уотемæй ин гъай-гъай, фиццаг рæстæг зингомау адтæй, уæдта æ курухон зундамонæги фæрци фæццалх æй æ кустбæл

– Нерæнгæ дæр ма ахур кæнун, – имисуй Радмил. – Мæнæ нур кæбæл косун, еци станок мин æртиккаг æй. Æнцондæр æй, фулдæр равгитæ фæззиндтæй. Фал нæ дæснийадæ уæхæн æй, æма дæхуæдæг еудадзугдæр гъæуама сæрæй гъуди кæнай.

Механикон-æмбурдгæнæн æма индустриалон цехи разамонæг Эттети Фатимæ дæр Радмил Дружинини кустæн устур аргъ кæнуй. Нимайуй æй бæрнон æма коммæгæс косæгбæл, æ кусти медæгæ некæд æруагъта зулунддзийнадæ, аразуй хуæрзгъæдæ дзаумæуттæ.

Анзæй-анзмæ кустуати продукци фулдæр-фулдæр агурд цæуй фæлхасгæнгутæй, уомæ гæсгæ ба кусти гъæдæ техникон æгъдауæй гъæуй хуæрзгъæдæдæр кæнун, модернизацимæ уæлдай фулдæр æргом æздахун гъæуй. Заводи разамунд уой лæдæруй, æма, аллихузи гæнæнтæй пайда кæнгæй, мадзал кæнуй нæуæг ахедгæдæр косæнгæрзтæ. Зæгъæн, евгъуд анзи æлхæд æрцудæй нуриккон домæнтæн дзуапп ка дæттуй, уæхæн косæнгарз – лазери фæрци кæрдун. Æма уой фæрци дзæвгарæ фæмминкъийдæр æй къохтæй косуни бæрцæ. Аци анз ма исамал кодтонцæ æхседæн аппарат дæр.

Техникон нæуæгдзийнæдтæй ефтонг кæнуни хæццæ кустуати фиццаг бунати æвæрд æнцæ косгути æнæнездзийнади æма æдасдзийнади фарстатæ. Зæгъæн, хуæздæртæй æйййивд æрцудæнцæ косæнбунæтти уæлдæф кæдзосгæнæн системитæ.

Механикон-æмбурдгæнæн æма инструменталон цехæй продукци бацæуй гальваникæ æма хуарæн хайадæмæ. Еци хайадæ нæуæг кæдзосгæнæн косæнгæрзтæй ефтонггонд ке æрцудæй, уомæ гæсгæ алфамбуламæ нецихузи зæранхæссæг калæдздзæгтæ хаунцæ. Е ба уобæл дзорæг æй, æма кустуат сагъæс кæнуй æрдзи кæдзосдзийнадæбæл. Уой фæсте дзаумæутти хæйттæ барветунцæ æмбурдгæнæн цехмæ. Аци цехи инженер-косæг Денис Донской хуæрз æрæги хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ райста Цæгат Кавкази хуæнхон-металлургон институти диплом. Æ дæснийадæ ’й «Микроэлектроникæ, наноэлектроникæ». Еци-еу рæстæг ахур дæр æма косгæ дæр кодта.

– Инсæй анзей размæ ’рбацудтæн заводмæ техникум фæууни фæсте, зæгъуй Денис. – Нур ба уæлдæр ахурадæ райсуни фæсте косдзæнæн мæ равзурст дæснийадæбæл. Уогæ электроникæмæ цæмæдесдзийнадæ мæмæ фæззиндтæй æхсæз анзи мæбæл ку цудæй, уæд. Ахур кодтон металлургти культури Галауани исфæлдистадон къуари.

Денис заводмæ косунмæ ’рбацудæй хуæрз æригонæй, æма ами æ разамонгути фæлтæрддзийнадæ æма кустуарзонддзийнади фæрци æ бон иссæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ диплом райсун дæр. «Кадртæ аразунцæ алцидæр»,– е завод «Арвæрдун»-и коллективæн уотид рæсугъд загъди хузæн лозунг нæ ’й. Æцæгæйдæр, алцидæр адæм сæхуæдтæ аразунцæ. Сæхе сæризунд æма сæхе къохтæй. Кустуат ба син агъаз кæнуй, багъæуаги син раст унаффæ раттуй…

Уæ куст алкæд еци-еу хузи хуарз æма раст уагæбæл хæссун уæ бон кутемæй æй, зæгъгæ, ку бафарстан кустуати генералон директор Тауасити Эльбруси, уæд æ дзуапп адтæй цубур:

– Римæхстагæй си неци ес. Нæ косгутæ еугурæй дæр косунцæ цæсгонгинæй. Ес нæмæ инсæйгай, дæс æма инсæйгай æнзтæй фулдæр ка косуй, уæхæн фæллойнæгæнгутæ. Ес нæмæ æригæнттæ дæр, кæцитæ иссæнцæ коллективи æнхæстбаргин иуонгтæ æма рæстуодæй косунцæ. Дзубанди айдагъ бæрзонд миздбæл нæ цæуй. Гъай-гъай е дæр, æнæмæнгæ, ахсгиаг æй. Фал сæйрагдæр æй, дæ куст адæми ку гъæуа, федарæй æй ку лæдæрай уой, æма дæ хъиамæттæ дзæгъæли нæ ’нцæ, кусти медæгæ дæр дин аргъ ку кæнонцæ, дæ бартæ гъæуайгонд ку цæуонцæ, уæд е ба берæ æхцатæй хъазардæр æй…

Куд алли æнтæстгин кустуатæн, уотæ завод «Арвæрдун»-и коллективæн дæр нифсдæттæг æнцæ æ фæллойнæгæнгутæ, боз æма сæрустур кæмæй æнцæ, берæ æнзти дæргъи си рæстзæрдæй æма хъæппæресгинæй ка косуй, сæ кустуати кадæ æма намусбæл æновудæй ка архайуй, етæ. Уæлдай зæрдæмæдзæугæ ба е æй, æма си æмзæрдæ-æмвæндæй фæллойнæ кæнунцæ цалдæр фæлтæремæй – хестæрти æмвæрстæ архайгæй, байлæгъ кæнунцæ æригон косгути фæлтæртæ дæр. Бæргæ хуарз уидæ уонæн сæ еугурей кой дæр ракæнун, фал нин уæхæн равгæ аци хатт нæййес, æма си уæддæр цалдæрей къартæ мухур кæнæн. Фадуат нин ку фæууа, уæдта иннети туххæй радзубанди кæндзинан.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма завод «Арвæрдун» айдагъ æхе коллективи хуæрзагадæн нæ косуй, фал ма æй республикон бюджетмæ æууæнкаг хъалонтæ федæг. Нимæдзтæ ниллæг нæ ’нцæ: 2023 анзи хъалонтæй бафистонцæ 77 миллион соми, 2024 анзи – 191 миллион соми. Æма еугур еци æхцай фæрæзнитæ цæунцæ нæ республики социалон-экономикон райрæзт фæгъгъомусгиндæр кæнуни гъуддагмæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма аци кустуати разамонæг Тауасити Эльбрус хæларзæрдæй хуæрзауодæг æй мах, республикон газет «Дигорæ»-йи коллективбæл дæр, берæ цæмæйдæрти нин фæййагъаз кæнуй, уæлдайдæр ба газет рафинсуни гъуддаги. Æма си хъæбæр боз æма арфиаг ан.

Завод «Арвæрдун» айразмæ исбæрæг кодта æ исарæзти дæс æма дууинсæй анзон юбилей. Æма æ еци цардвæндаги кæд естæмæй цитгийнаг æй, уæд тæккæ фиццагидæр ирæзти æнтæстдзийнæдтæ æма арфиаг гъуддæгутæй. Уой хæццæ ба ма бæлвурд æй е дæр, æма идарддæр дæр никки бæрзонддæр уæлахезтæмæ федар къахдзæфтæй цæуй. Коллектив цардгъон æй, æ кадæ ’й бæрзонд, устур аргъ ин кæнунцæ се ’мгустгæнгутæ, сæ фæлхасгæнгутæ. Æма рæствæндаг, уæлахезон уæнтæ!

Аци æрмæг цæттæ кæнуни рæстæги нин зæрдиагæй фæййагъаз кодта заводи рагондæр косгутæй еу, менеджменти фарстати фæдбæл генералон директори хуæдæййевæг Евдокия Авакова æма ин зæрдиагæй арфæ кæнæн.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***


Радмил ДРУЖИНИН – фрезеровщик.


Александр ТАРАШВИЛИ – æмбурдгæнæн-монтажгæнæн цехи монтажник.


Сергей БУЛАНОВ – оператор.

***Франческо ПЕТРАРКА (1304-1374), итайлаг поэт: «Актербæл цийфæнди дарæс дæр исфедаудзæнæй, фал финсæгæн ба алли хецæн æууæл нæ бæззуй: финсунæн гъæуама алкедæр æхе æууæлтæ исфæлдеса æма сæбæл еузæрдиуон уа, цæмæй, кедæр кæркæ-мæркæ дарæстæй***

# «АРВÆЙ НИН ЛÆВАР ÆЙ НÆ ИРИСХЪÆ,



**Абони Цорити Эльвири æмдзæвгитæ мухур кæнæн дууæ рæуагемæ гæсгæ. Еуемæй, зæрдæмæдзæугæ 'нцæ. Иннемæй ба, æхцæуæн нин æй, æгайтима нæмæ ес, нæ мадтæлон æвзагбæл литературон уадзимистæ ка финсуй, уæхæн искурдиадæгин фæсевæд.**

**Уомæй сæйрагдæр ба е æй, æма Эльвирæ кæд игургæ идард Камчатки ракодта, кæд æндæр адæмихæттити минæвæртти 'хсæн ин цæргæ æма гъомбæлгæнгæ рауадæй, уæддæр æ мадтæлон дигорон æвзаг ба ин алкæддæр алцæмæйдæр зæрдтагондæр адтæй, æхцул æма ибæл æновуд æй. Кæд æй сæрмагондæй некæд ахур кодта, уæддæр, куд фæззæгъунцæ, æ тоги æй, цитгийнаг ин æй, нæ фидтæлтиккон дзурди фарнæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау æнцæ æ исфæлдистадон фæллæнттæ.**

**Аци хабар ба, махмæ гæсгæ, бафæнзуйнаг æй, дигорон гъæути ка райгурдæй æма ирæзуй, нæ мадтæлон æвзагбæл æновуд унæй æма ин æ цитгиндзийнадæбæл ауодунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, нæ еци æригæнттæн.**

**Цорити Эльвирæ нæхемæ, Цæгат Иристони райста уæлдæр педагогон ахурадæ, æма ин е дæр агъазгæнæг куд нæй æ исфæлдистадон архайди. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма си федарæй æруагæс кæнуй сæйрагæй-сæйрагдæр гъуди:**

**– Нæхе, нæ мадтæлон æвзагбæл уадзимистæ финсуни равгæ нин æй Хуцауи лæвар, – зæгъуй Эльвирæ. – Æма махæн ба нæ ихæс æй багъæуай кæнун не 'взаги хъаурæ, æ рæсугъддзийнадæ, уæдта уой хæццæ æнæгъæнæй нæ културон æуууæли алæмæтдзийнадæ дæр, цæмæй сæ идарддæр нæ исонибони фæлтæртæмæ хъæртун кæнæн æма сæбæл етæ дæр уонцæ æновуд, зæрдтагон син уонцæ.**

**Эльвирæмæ ма ес еума хиццаг исфæлдистадон ацъагъуæ – финсуй зартæ дæр (дигорон æма уруссаг æвзæгтæбæл). Заргæ ба ин сæ кæнунцæ нæ игъустгонд зартæгæнгутæ Секъинати Элитæ æма Джиоти Вероникæ.**

**Нæ аци цубур зæгъуйнæгтæ раст ке æнцæ, уомæн ба æвдесæн æнцæ, мæнæ Эльвири финст æмдзæвгитæй ке мухур кæнæн, етæ.**

### НИВÆ

Дæхе хонис æнæнивæ,  
Кæуис бабæй, мæстæй дзаг.  
Донмæ калис сугъзæрийнæ,  
Дæ кæун æй ходуйнаг.

Къумрæбуни сосæггай  
Нивæ ходуй, бакæсай…  
Уæртæ 'й, уæртæ 'й, бакæсай,  
Дæумæ ходуй сосæггай.

Дæхе хонис æнæхъаурæ,  
Æнæ 'хца, ма æнæнифс.  
Лæгъуз сагъæс ма рæвдауæ,  
Дæ зæрдæбæл Амонд финст.

Къумрæбуни сосæггай  
Нивæ ходуй, бакæсай…  
Уæртæ 'й, уæртæ'й, бакæсай,  
Дæумæ ходуй сосæггай.

### НÆ ЦЪЕТЕ

Ци дзæбæх æй нæ цъетейæн  
Æ рæбуни уолæфун!  
Ку æртæхун Уæрæсейæй,  
Уайтагъд ардæмæ цæун.

Сæумæ раги нæ Ирæфæн  
Æ тулфæ хæрдмæ ссæуй.  
Еци дони ку ниххезун,  
Цæрун мæмæ æрцæуй!

Сувæллонæй, мадæй, фидæй,  
Алке зонуй и гъуддаг:  
Нæ æрдзæн айдагъ æ уиндæй  
Дзæбæх кæнуй адæймаг!

### НÆЙЙЕ 'СКÆНÆН АМОНД ЕСКЕ АМОНДÆЙ ДАВД

Куд нихи къæрцбæл лæууй мæ зæрди фæдес...  
Куд нихи къæрцбæл лæууй уоди цæстисуг...  
Мæ къохи амонд адтæй, гъенур ба нæййес.  
Нæ лæдæрдтæн, куд нивгун адтæн, куд гъæздуг...

*Базард:*  
Нæййе 'скæнæн амонд еске амондæй давд,  
Нæййе 'скæнæн амонд еске амондæй тунд.  
Бæргæ игон кæнуй зæрдæ дæ еунæг каст...  
Кæмæндæр ба хæдзари кæлуй цæстисуг...

Дæ гъар æмбæлдæй тадтæн, тадтæн уорс метау;  
Дæ гъар æмбæлдæй фесæфидæ алли нез.  
Мæ зæрди цидæр адтæй, уой дин æнæвгъау...  
Уæддæр нæ базудтон ди мæ бæрцæ, ме' фсес...

*Базард.*

Куддæр æризæр уидæ, уотæ æндæдуар,  
Æз ба куд мæгургор дæумæ æнгъæл кæсун...  
Цума рæхистæй баст дæн æз дæубæл федар,  
Мæ уоди устур уарзт ма устур маст хæссун.

*Базард.*

Бæргæ 'й лæдæрун, бæргæ нæ кæнун раст.  
Радтетæ зæрдæ лух кæнунмæ циргъдæр кард...  
Æз тохунæй мæхе хæццæ фæллад тухуаст...  
Дæу фарсмæ – æнæнивæ, æнæ дæуæй – мард.

*Базард:*  
Нæййе 'скæнæн амонд еске амондæй давд,  
Нæййе 'скæнæн амонд еске амондæй тунд.  
Бæргæ игон кæнуй зæрдæ дæ еунæг каст...  
Кæмæндæр ба хæдзари кæлуй цæстисуг...

### АБОНИ ХУЗÆ КОДТОН ДÆУ ЦÆСГОН

Абони хузæ кодтон дæу цæсгон.  
Дæ росбæл цæстисуг цума æруадæй...  
Фенгас дæн, ма кæсис мæнмæ æргом.  
Мæ бауæр ниббизирттæй фур дессагæй.

Æнæ дæуæй мæ зунд куд фæццæуй...  
Æрхундзийнадæ уод куд æрлæмаруй...  
Дæу фæуууинунмæ мæ зæрдæ бæллуй.  
Уарзондзийнадæ мæ 'взаруй, 'взаруй...

Устурдæр хуæнхтæ къохтæй æрсæтдзæн,  
Æнæнимайгæ бæнттæн дæр ниббухсдзæн,  
Æрмæстдæр æй ку зонон – уарзис мæн!  
Æрмæстдæр æй ку зонон – æз гъæун дæу!

### ДÆУÆН ДÆТТУН МÆ ЦАРД!

Медсинхи, гъæубæсти, æ рæбунти,  
Дæу рæсугъдæн некæд фæууидтон,  
Мæнæ æрцæуис, цума мæ фуни...  
О, кизгæ, ци рагæй дæ хизтон,

*Базард:*  
Дæуæн дæттун, дæуæн мæ цард!  
Нæ цийни анзбæл бон æнкъард.  
Дæуæн дæттун, дæуæн мæ цард,  
Уарзондзийнадæ ивулæд!

Дæ цæститити арви дуар байгон æй,  
Æнæмæнгæй æз си нигъулун.  
Мæн фæндуй дæуæн зæгъун æргомæй,  
О, кизгæ, мæ цард дæр дин дæттун.

*Базард.*

Арвæй нин лæвар æй нæ ирисхъæ,  
Арвæй нин лæвар æй нæ амонд,  
Ду мæнæн гъеуордигæй æрвист дæ,  
Зæрдæй дæр, цæсгонæй дæр хуæрзконд.

*Базард.*

Цардæмбал, лимæн, куд ма дæ 'схонон.  
Кондгин, фæлмæн каст ма æнæфуд.  
Æнæкæрон зæрдæн æхцæуæн æй  
Дæ рæсугъд идзулд æма дæ дзурд!

*Базард:*  
Дæуæн дæттун, дæуæн мæ цард!  
Нæ цийни анзбæл бон æнкъард.  
Дæуæн дæттун, дæуæн мæ цард,  
Уарзондзийнадæ ивулæд!

### ДУ 'ДÆ МÆ УОД, ДУ 'ДÆ МÆ ЦАРД!

Рæсугъд æздухститæ мæ ресгæ зæрдæбæл  
Уарзондзийнадæ хуарз хузæ кæнуй.  
Багъар уй уод, багъар уй нæуæгæй,  
Амонди хаййæй зæрдæ æртæфсуй...

*Базард:*  
Ду 'дæ мæ уод, ду 'дæ мæ цард!  
Æносмæ еумæйаг фæндаг!  
Ду 'дæ мæ уод, ду 'дæ мæ цард!  
Куд уарзун дæу, нæ 'й римæхстаг!

Дессаг гъуддæгутæ нин арвæй лæвæрд æй,  
Кæцæйдæр æнæнгъæли æрцæуй,  
Фунук ракæлуй, арт цæфсун кæнгæй!  
Уарзондзийнадæ махмæ идзулуй...

*Базард.*

Дæттуй нин базуртæ ма хъаурæ æнæвгъау,  
Цæмæй фæлмæндæр мегътæмæ 'стæхæн...  
Æрмæстдæр ма мæ 'суадзæ макæддæр,  
Нæ дууæ уоди гъенур бабæттæн...

*Базард:*  
Ду 'дæ мæ уод, ду 'дæ мæ цард!  
Æносмæ еумæйаг фæндаг!  
Ду 'дæ мæ уод, ду 'дæ мæ цард!  
Куд уарзун дæу, нæ 'й римæхстаг!

**Нæудæсæймаг æноси дуккаг æмбеси кавказаг интеллигенций зингæдæр минæвар, игъустгонд публицист æма этнограф Бердзенти Геуæргий фурт Николайи райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй финддæс æма фарастинсæй анзи (1831-1874).**

*сæнттадæ кæнуй, зæгъгæ, ибæл ма ходонцæ. Цæветтонгæ, алкæмæндæр, куд е 'ндаг бакастæн, е 'змæлдтитæн, уотæ æ гъæлæсиуагæн дæр æма æ дзубæндийуагæн дæр æхе менеугутæ ес, æма сæ æййевунæй сæ ирæзун кæнун хуæздæр æма пайдадæр æй...»*



# АРВÆЙ НИН ЛÆВАР ÆЙ НÆ АМОНД...»

## «КЪАППÆ—СУППÆЙ»

Мæхецæн дзæбæхæй цардтæн
Æнæ сагъæс, æнæ маст.
Сæумæй айдæнæмæ кастæн,
Ци рæсугъд æй мæ бакаст.
Дæу нæ уингæй, дæу нæ зонгæй
Сабургай цудæй мæ цард.
Æнæ гъазгæй, æнæ ходгæй
Некæд рацудтæн идард...

*Базард:*
Къаппæ-суппæй, сабургай
Мæ зæрдæ мин баистай...
Къаппæ-суппæй, сабургай
Дæхе бауарзун кодтай!

*Базард.*

Зонгæдзийнадæбæл ковгæй
'Рбазилдтай мæнмæ цæсгон.
Аци устур гъазти уæнгæ
Некæд ма дæ фæйийдтон...
Ирон цагъди устур хъаурæ,
Ирон кафти – устур нифс.
Дæ бæрзонд ма кондкин гурæ
Кафгæй ци дзæбæх хæссис.

*Базард.*

Дæ уæздан цудæй, дæ дзурдæй
Мæ зæрдæ мин батавтай.
Сабургай мæнмæ идзулгæй
Кафунмæ мæ рахудтай...
Мæнæ зелæн кафти медæг,
Мæнæ царди байеу ан...
Мæнæ 'сберæ 'нцæ нæ зæнæг,
Устур бийнонтæ иссан!

*Базард:*
Къаппæ-суппæй, сабургай
Мæ зæрдæ мин баистай...
Къаппæ-суппæй, сабургай
Дæхе бауарзун кодтай!

## КУТЕМÆЙ ДÆ ИСЕСОН МÆ ЗÆРДÆЙ, ЗÆГЪАЙ?

Дæу имисгæй æййевуй бони бон,
Мæ уарзтæй бийун цард...
Дæубæл мæ алли гъудий кæрон,
Ду 'дæ мæ сагъæссаг...
Нур дæр мæ фуни арæх фæууинун
Хæстæгмæ дæ цæсгон...
Мæхемæ алли бон фарста дæттун:
«Цæмæ дæ рауагътон?»

*Базард:*
Гъа-уай...
Кутемæй дæ исесон мæ зæрдæй, зæгъай –
Гъа-уай...
Кутемæй дæ феронх кæнон, мæ зæрди хай.

Цæмæн нæййес раздахæн фæстæмæ
Рагуалдзæгæн æ арт?
Æз фæццудтæн изолдæр бæстæмæ,
Ма агурдтон дæу фæд.
Исхезинæ къæдзæхтæмæ бæрзонд,
Гъæр кодтон дин дæ ном...
Мæ рæсугъддæр, мæ уарзгæ дигорон,
Цæмæ дæ рауагътон?

*Базард:*
Гъа-уай...
Кутемæй дæ исесон мæ зæрдæй, зæгъай-
Гъа-уай...
Кутемæй дæ феронх кæнон, мæ зæрди хай.

## «СÆУМÆ ХУАРЗ»

Бонивайæнтæ кæнуй. Зæрдæ хормæ идзулуй.
Дæ бийнонтæмæ еу каст, ма зæгъæ син: «Сæумæ хуарз».
Еци загъди хъаурæ ес: уодзæй бон гъуддæгтæй 'фсес.
Æндæдуар ку рацæуай, уæд синхонæн дæр зæгъай:

*Базард:*
Дæ сæумæ хуарз! Дæ фæндаг раст!
Дæ бон райдайæт æнæ маст!
Дæ сæумæ хуарз! Дæ фæндаг раст!
Дæттæд нин хъаурæ хори 'скаст!

Цъеу цъæбар-цъубур кæнуй, мæргъти фæрсаг иситинг уй.
Хуæнхти, гъæдти ма кæмтти, дони сур-сур игъусуй.
Мæ зæрдæй уин раковон, рæсугъдæй цæуæд уæ бон!
Кæмæ уи ци фæндон уа, е æ къохи æфтуйа!

*Базард.*

Арви цалх æрзелуй бон... Кустæн уодзæнæй кæрон...
Цæй, исуадзæ дæ фæллад, макæнæ æппун æнкъард.
Бон цæуй, нивæ хæссуй, хор æ тунтæ римæхсуй.
Æз Хуцауæй ракорон, цæмæй уин исон зæгъон:

*Базард:*
Дæ сæумæ хуарз! Дæ фæндаг раст!
Дæ бон райдайæт æнæ маст!
Дæ сæумæ хуарз! Дæ фæндаг раст!
Дæттæд нин хъаурæ хори 'скаст!

## «УСТУР УАРЗТ»

Аци изæр куд рæсугъд æй...Уæлæ стъалу фæззиндтæй...
Гъудитæ зæрди рæбунтæй, æрцæунцæ идзулгæй.
Гъуди кæнис æригонæй, куд фембалдан нæ дууæ,
Куд æргом æма æнцонæй, байгъустон дин дæ дзурдмæ...

*Базард:*
Ме 'гас цард – дæу уæнгæ над...
Нæ си зонун æз фæллад!
Ме 'гас цард – мæ устур уарзт,
Дууæ уоди еумæ баст!

Гъомбæл кæнæн нæ бæдæлттæ. Ирæзунцæ фæлтæрау.
Ду мæнæн куд цардæмбалæн, усхъæ дарис æнæвгъау!
Æппундæр кæун нæ уадзис, ростæ къохæй æрсæрфис.
Бафæрсун дæ: «Куд фæразис?» Ду ба уотид идзулис...

*Базард.*

Æртæ кизги – æртæ хори, уорс бæлæутæй æндæдуар
Куд фæттахтæнцæ бундорæй, фæллигъдæнцæ ерисау...
Мæнæ бадæн дуари размæ, нæ гъуддæгтæ имисæн...
Нæ кизгуттæн нæуæг анзмæ, сæ бæдæлттæмæ бæллæн.

*Базард:*
Ме 'гас цард – дæу уæнгæ над...
Нæ си зонун æз фæллад!
Ме 'гас цард – мæ устур уарзт,
Дууæ уоди еумæ баст!

## ÆФСИЙНÆ

Алли мадæ æ бæдоли, киндзи 'рветгæй фæззæгъуй:
«Мæ кизгæ, нæуæг бийнонти лимæнæй цæрун гъæуй!»
Мади амундмæ игъосгæй, кизгæ кæнуй æ фæдзæхст,
Хъæбæр хезуй бонæй-бонмæ, æфсийнæн æ фæлмæн каст.
Фал æфсийни зæрдæ дор æй, æндæр ба 'й нæ лæдæрун,
Куд æнгъезуй и бæдолæй, дæ фæлмæн каст римæхсун?

*Базард:*
Бавдесайтæ мин æфсийнæ, æ киндзæбæл кæнгæй цийнæ?!
Ку уинайтæ уæхæнттæ – машалла сæбæл кæнтæ!
Хуарз æфсийнæн, хуарз æфсийнæн, æ киндзæбæл кæнгæй цийнæ,
Уæд киндзæ дæр уодзæй хуарз, ма цæрдзæнцæ æнæ маст!

Алке ни цæрунмæ конд æй, алке дæр хуарз цард гъæуй!
Кæрæдзей зæрдæ ресунмæ, хæлæф кæнун нæ гъæуй!
Цæмæй 'фсийнæн æ хæдзари, киндзæ уа æхе кизгау,
Уой туххæй æ фæлмæн дзурдбæл, киндзæн ма кæнæд æвгъау!
Фал æфсийни зæрдæ дор æй, æндæр ба 'й нæ лæдæрун,
Куд æнгъезуй и бадолæй, дæ фæлмæн дзурд римæхсун?

*Базард:*
Бавдесайтæ мин æфсийнæ, æ киндзæбæл кæнгæй цийнæ?!
Ку уинайтæ уæхæнттæ – машалла сæбæл кæнтæ!
Хуарз æфсийнæн, хуарз æфсийнæн, æ киндзæбæл кæнгæй цийнæ,
Уæд киндзæ дæр уодзæй хуарз, ма цæрдзæнцæ æнæ маст!

## УАРЗУНИ, ÆМБАРУНИ МÆСУГ

Æрæги мæнмæ равардтай еу æнахъæл фарста:
Дæхе куд бадардтайсæ, æз ку уинæ уæхæн дессаги хъал,
Цæмæй дæ къæхти бунмæ калдтайнæ берæ берæ æхца,
Сугъзæрийни буни дæ цæмæй фæккодтайнæ, фал...

Фал дæмæ æз ба бакастæн ма байдзулдтæн,
Нур мæ цæбæлти фæрсис, цæбæлти фæрсис, гъæй?
Гъуди кæнис, кæрæдзей фиццаг кæци бон фæууидтан,
Гъе уæдæй ардæмæ æй нæ зонун æнæ дæуæй куд цæргæй...

Гъæйдæ, цард куд цæуй, уотæ 'й еумæйагæй цæрæн,
Кæрæдзей уарзгæй, нимайгæй æма лæдæргæй...
Уæлиаудæр, бундæрдæр нæхе макæмæй дарæн ма æвæран...
Сугъзæрийни æма Уарзондзийнади аргъ бæрæг æй!

Дæ фур цийнæй мæ уæд дæ къохти рæуæг фелвастай,
Фæ мин хъуритæ кодтай хъæбæр, хъæбæр зæрдæй...
Мæ дзæбæх кизгæ, уомæй дæ берæ уарзун, загътай...
Ме 'мбаргæ кизгæ 'й зонуй дзуапп куд дæтгæй...

Кæрæдземæ æргом цæстæй кæсунæй хуæздæр неци ес,
Уой нæ феййевдзæй аци дуйнетæбæл некæци мулк...
Исаразун æнгъезуй, адæн цæмæй кæнонцæ дес,
Кæрæдзей Уарзуни, Нимайуни ма Лæдæруни Мæсуг!

## ФÆДЗÆХСТ

**Мадæ:**
Мæ биццеу, мæ зæрди хай, цæбæл тухсис, радзорай…
Мади зæрдæ 'й лæдæруй, цидæр дæ зæгъун фæндуй!

**Фурт:**
Куд æй балæдæрдтæ, куд? Мæ цъухæй нæ хауй дзурд.
Куд дин æй зæгъон, мæ бон, цæугæ ке кæнун исон…
Мæ ниййерæг, мæ дуйне, куд ди ратонон мæхе?

**Мадæ:**
Мæ биццеу, мæ зæрди хай, мæ фæдзæхстмæ байгъосай:
Кæддæриддæр зæрди дарæ дæ бундор!
Куд цæуа дæ фæсте Кадæ, Дигорон!
Кæддæриддæр рæстмæ цæуæд дæ фæндаг,
Æцæг ма феронх уо дигорон æвзаг!
Мæ биццеу, дæхе æй цард! Рæсугъдæй цæуæд дæ над!
Макæд феронх уо æрмæст, дæ ниййерæги фæдзæхст!

**Фурт:**
Дæ фæдзæхст æй хъæбæр раст! Ǽз æй кæндзæнæн æнхæст!
Дигоргоми 'стур æгъдау, мæ зæрди хæсдзæн лæгау!
Райсдзæнæн мæ хæццæ 'Фсарм, Кадæ, Нифс ма Фарни 'хсæн!

**Мадæ:**
Гъæйтт лæгау дзорис мæ фурт! Федар уæд дæ алли дзурд!
Гъæйдæ, хестæрти фæлтæр, нæ кæстæрти лæдæрæн,
Ма игъосæн лæмбунæг, ци зæгъунцæ нæ зæнæг.

**Фурт:**
Цæй, фæсевæд, махæн ба нæ зæрдæ федар куд уа,
Цæмæй мади, фиди ном, дарæн кадæй ма æргом.
Нæ ниййергутæ, уæ нифс, уодзæй нæ зæрдæбæл финст!

**Мадæ:**
Уæ исон амондгун уæд! Нивгун уотæ нæ цæуæт!



Юрий ПОБЕРЕЖНЫЙИ конд хузæ.

Номдзуд поэт, публицист, этнограф, рохситауæг Хъанухъти Дудари фурт Инали райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй финддæс æма астинсæй анзи (1851-1899).

*Судя по квитанции из ЖЭКа, из крана у меня течет «Боржоми», мусор вывозят на «Лексусе», домофон подключен к роумингу, а снег убирает лично глава районной администрации.*

☺ ☺ ☺

*Дорогой, я нашла твою заначку, и всю спустила в ресторане с подругами. Ты не обижаешься?*

*– Ничего страшного, дорогая, это я тебе на новую шубу откладывал.*

## ДОР АВДÆРДÆМÆ РАЗЕЛÆ-БАЗЕЛÆ РАКÆНÆ ÆМА ГОРЕНАМАДИ Æ ГЪÆУГÆ БУНАТ ИССЕРДЗÆНÆЙ!..



# СÆРÆНИ ГУБОРÆ ХОМÆЙ НÆ ИЗАЙУЙ!..

**1.** Уотæ рауайуй, æма дæ хеуæнтти кенæ лимæнти райгурæн бæнттæ ку райевгъуйунцæ, уæд сæ æримисис?

**2.** Уатмæ бацæугæй, хъæбæр батухсис, ардæмæ цæмæн æрбацудтæ, уой ке нæбал фæгъгъуди кæнис, уой туххæй?

**3.** Фатерæй рацæугæй фæстæмæ ахид раздæхис дæ дæгъæлтæ, æхцадонæ кисæмæ, кенæ æндæр, æнæмæнгæ дæ ка багъæудзæнæй, дæ уæхæн дзаумæуттæ ке феронх кодтай, уой фудæй?

**4.** Дæ хуссæни ку æрхуссис, уæд дæ бон фæууй, бонигон дæбæл ци цаутæ 'рцудæй, уони кæрæй-кæронмæ ранимайун?

**5.** Дæ бон æй телевизормæ хъæбæр зæрдæхцæуæнæй кæмæ фæккæсис, еци равдистмæ нæ бакæсун, ке ди феронх æй, уой фудæй?

**6.** Хаттæй-хатт хъæбæр зинтæй дæ бон фæууй, æрæги киунуги кенæ журнали ци æрмæгутæ бакастæ, уони æргъуди кæнун?

**7.** Хъæбæр ахид ке хæццæ фембæлис, еци адæймаги ном, муггаг ди – уæддæр ефстагмæ – райронх уй?

**8.** Æхсæнадон транспорти дæ дзаумæуттæ феронх кæнис?

**9.** Зундгонд бунæттæ æма игъустгонд адæймæгути нæмттæ ди ахид феронх унцæ?

**10.** Дзаумæуттæ кæми ниввæрис, уой иронхгæнагæ дæ?

**11.** Зонгити телефони номертæ гъуди кæнис?

**12.** Еске хæццæ дæ æнæмæнгæ фембæлун ке гъудæй, е ди ахид иронх кæнуй?

**Фарстатæн аразий дзуапп ку раттай, уæд си алке туххæй дæр дæхецæн дууæ балли банимайæ æма цал балли дæмæ рауайа, уомæ гæсгæ ба хатдзæгтæ искæнæ.**

**0-8 БАЛЛИ.** Зонгитæ æма нимæдзтæ хуарз гъуди кæнис. Æмбесонд уотæ зæгъуй: «Зæрдæбæл хуарз гъуддæгутæ дарун адæймаги цард дууæ хатти даргъдæр кæнуй!..»

Фал уой хæццæ ба, уой бæрцæ бæрæггæнæнтæ дæ гъудий дарун сæри магъз фæллайун дæр кæнуй. Цубур дзурдæй: пайда куд æй, зæран дæр уотæ хæссуй.

**10-16 БАЛЛИ.** Гъуди хуарз кæнис, фал дæмæ еу гъуддаг нимади уæд: цæмæй ди маци иронх кæна, уой туххæй дæ гъæуй алли бон дæр дæ гъудитæ федардæр кæнунбæл косун. Архайæ алли листæг фæззелæн дæр зæрдæбæл бадарунбæл.

**18-24 БАЛЛИ.** Дæ гъудикæнуйнадæ бустæги зæрдæмæдзæугæ уавæри нæй. Гъæуй æй федардæр кæнунбæл косун. Фулдæр кæсæ æма гъуди кæнæ æмдзæвгитæ. Уотемæй дæ гъудикæнуйнадæ федардæр кæнуй. Ма тæрсæ телефонти номертæ фулдæр дæ гъудий дарунæй. Куд фулдæр хабæрттæ дарай дæ зæрди, уотæ фулдæр фæццæрдзæнæ. Тексти хæццæ ку косай, уæд архайæ уой гъæрæй кæсунбæл. Пайда кæнæ витаминтæй дæр. Уотемæй хуæздæр гъуди кæндзæнæ.

## АЛЦИ ЗОНУН – ПАЙДА ÆЙ

## ÆФСИНТТÆН КАРТОФИ ТУХХÆЙ



Картофтæ кæдзосгæнгæй, цæмæй къохтæ ма сау кæнонцæ, уой туххæй сæ раздæр рацъифæ кæнунцæ дзимарийæй (уксусæй) æма сæ æнæ сæрфгæй басор кæнунцæ.

* * *

Нæуæг картофтæ æнцондæр кæдзосгæнæн æнцæ, раздæр сæ уазал дони ку радарай, уæд. Картоф кæдзос кæнун гъæуй, изгæ ка нæ кæнуй, уæхæн æзгъæрæй конд кардæй, уомæн æма æфсæйнаги хæццæ æмбæлгæй, витамин «С» кæнуй ихæлгæ.

* * *

Сæ цъарæй кæдзосгонд картофтæ уæлдæфи кæнунцæ тар, уомæ гæсгæ сæ æвæстеуатæй æвæрун фæгъгъæуй уазал дони. Фал картоф дони берæ ку лæууа, уæд си еуцæйбæрцæдæр исæфуй крахмал æма витамин «С», æ фæлмæн нихъхъæбæр уй, æ адæ ба фæллæгъуздæр уй, фицун ба сæ гъæуй фулдæр рæстæг.

Картофбæл сау стъæлфитæ нæ уодзæнæй, фицгæ дони цалдæр æртæхи дзимари ку никкæнай, уæд. Уой хæццæ картоф уæлдай адæ не 'скæндзæнæй.

* * *

Картоф фицун гъæуй тæвдæ тулфæмæ, уой хæццæ, æ фицуни температурæ фæффулдæр кæнунæн донмæ бафтаун гъæуй цæнхæ. Дони фицгæй, хуæздæр уодзæнæй, картофтæ фицгæ дони ку никкалай, уæд. 10 минутти сæ фицун гъæуй æнгом æхгæдæй, уой фæсте сæ еу 15 минутти бауадзæ æнхæстæй исфицунмæ. Фицгæ картофтæ донæй 1 сантиметрæй фулдæр гъæуама æмбæрзт ма уонцæ.

* * *

Цæмæй æмхузон нæрса, уой туххæй картоф фицун гъæуй рæстæмбес артбæл. Арт æгæр тухгин ку уа, уæд картофтæ æндегæй рафицунцæ, рапурхæ унцæ, медæгæй ба хомæй байзайунцæ.

Цæмæй картофтæ тагъддæр рафицонцæ, уой туххæй ба дони исæвæрун гъæуй еу хуæрæн уедуги дзаг маргарин.

* * *

Картофи хецæн хузтæ фæуунцæ æнæгъæнæй зин фицæн цæхгун дони дæр. Уæхæн лæхорæг картофтæ фицгæй, донмæ бафтаун гъæуй хуæргæнæсти кенæ къабускай цæхгунти дон, кенæ ба сæбæл дзимари никкæнæ.

* * *

Лæхорæг картофтæ ку райрайунцæ, уæд ма сæ фицун гъæуй 15 минутти, уой фæсте син сæ дон ракалæ, сæ буни си еу минкъий ниуудзгæй, æма сæ идарддæр фицун гъæуй минкъий артбæл, сæ сæр син æнгом нихгæнгæй.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

**1** **Номдзуд уруссаг финсæг Антон Чехов сабийæй сахар Таганроги гимназий ку ахур кодта, уæд ин ахургæнæг адтæй номдзуд революционер Феликс Дзержинскийи фидæ. Циуавæр предметбæл?**
а) Истори. б) Латинаг æвзаг. в) Математика.

**2** **Æвæдзи, фегъустайайтæ недзамайнаг таурæхъ Прометейи туххæй – е адтæй адæми сæрбæлдзорæг, арт дæр син е балæвар кодта, уой туххæй æй хуцæуттæ рæхистæй бабастонцæ, æма 'й гъæуайгæнæг цæргæс гъезæмарæй мардта. Еци цæргæси рамардта æма Прометейи иссæребарæ кодта рагон бердзейнаг таурæхъон бæгъатæртæй еу. Ка?**
а) Персей. б) Геракл. в) Ахиллес.

**3** **Уруссаг поэзий классиктæй ке фидæ гъавта æ фуртæн Петр ном раттун, фал æ уоси мадæ ниллæудтæй æндæр ном раттунбæл?**
а) Антон Дельвиг. б) Михаил Лермонтов. в) Александр Пушкин.

**4** **Зундгонд финсæг Джеральд Даррели киунугæ «Мæ биййонтæ æма æндæр сирдтæ» кæд ескæд бакастайтæ, уæд æй зондзинайтæ, æ сюжет бердзейнаг сакъадахи хæццæ баст ке æй, уой?**
а) Миконос. б) Корфу. в) Итакæ.

**5** **Кæд астрономий хæццæ «лимæн» айтæ, уæд æй, æвæдзи, зондзинайтæ Æрфæни фæди галактикон бæрæгастæу ци бардзи медæгæ 'й, е куд хуннуй, уой дæр?**
а). Дева. б) Стрелец. в) Козерог.

**6** **Нуртæккæ кæмæдæрти устур цæстиварди æй китайаг фæззинд «фэн-шуй». Æ зундамонæнтæй еу æй: «Фэн-шуй уин фæййагъаз уодзæнæй исгъæздуг унæн, фал уæ алæмæти гъæздуг ба не 'скæндзæнæй...» Æма аци фæззинд уарзæгойти гъæздугдзийнади талисманбæл циуавæр цæрæгой нимад цæуй?**
а) Галхæфсæ. б) Цъирцъирагæ. в) Дзæргъæ.

**7** **Номдзуд уруссаг финсæг Павел Бажови финст аргъау «Голубая змейка» уин зундгонд æй? Мадта уæд зæгъайтæ: дæснифæрсæг Марьюшкæ си цæй фæрци дæсниадæ кодта уосгорти туххæй?**
а) Ауигъд сæрвасæн. б) Къаппæкъуппæй бумбули. в) Дони рауагъд дедæнгути бид.

**8** **Мадта, Николай Гоголи финст поэмæ «Мертвые души» дæр уин, æвæдзи, зундгонд æй? Æма 'й гъуди кæнетæ, уоми архайгутæй еу, пъамещик Манилов æ хестæр фурт Фемистоклюси циуавæр гъуддаги архайунмæ цæттæ кæнуй?**
а) Дипломати. б) Театр. в) Хузæкæнуйнадæ.

* * *

**Аци фарстатæбæл раст дзуæппитæ кæсетæ нæ газети иннæ номери. Абони ба уæ зонгæ кæнæн нæ газети 28-аг номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппити хæццæ:**

**1.** «Дженни», **2.** «Догъ кæнуни хуæдтолгæ», **3.** Карел Чапек. **4.** Сирниккин. **5.** Конка. **6.** 1861 анзи. **7.** Нильс Бор. **8.** Хуæруйнæгтæй пассажирти хинцун. **9.** Японий.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 1683.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 07.08.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.08.2026.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.